

Sipòte lang ak alfabetizasyon

0 a 1 mwa: Tibebe ou fèt pare pou kominike!

Lè li kriye, jan kò li bouje, ak kontak je se kèk nan fason tibebe a montre sa li bezwen, sa li renmen oswa sa li pa renmen. Lè ou entèraji ak tibebe ou, ou gen tout sa ou bezwen pou ede sèvo li devlope byen fò.

Konsèy ak Aktivite



Pale, chante, epi jwe ak tibebe ou pandan w ap ba li manje, abiye l, epi benyen l.

Pase tan ap fè kalen ak kenbe tibebe ou.



Pale nan lang ou pi alèz ladan l.



Patisipasyon aktif pandan w ap li ak tibebe a.



Fè efò pou gade tibebe ou nan je li.



Etap tipik langaj

Sèvi ak kriye ak langaj kò li pou kominike sa li bezwen (grangou, kouchèt mouye, fatig)

Kapab wè byen pre epi li pito gade je ak figi manm fanmi li yo

Rekonèt epi vire tèt li sou kote lè li tande vwa paran li yo

Tande epi reponn lè gen bri fò oswa lòt estimilis fò

Deteksyon bonè se entèvansyon

Pitit ou ap aprann tout tan! Antanke moun k ap pran swen, ou gen yon bèl okazyon pou gide li sou yon chimen ki mennen nan siksè.



Pale ak founisè swen sante pitit ou a si pitit ou:

Pa gade moun nan je



Pa li remake oswa reponn lè gen gwo bri

Pa kriye lè li grangou oswa li pa alèz



Sous: Pathways.org

Lòt resous

[Pathways: Kominikasyon](#)

[Harvard University: Center on the Developing Child](#)

[Cox Campus](#)

[The Basics](#)

[Etap enpòtan CDC yo](#)